QORAQALPOG'ISTON RESPUBLIKASI
XALQ TA'LIMI VAZIRLIGI

QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASÍ
XALÍQ BILIMLENDIRIW MINISTRLIGI

Nukus shahri, 230100, A.Dosnazarov k. 62
Nókis qalası, 230100, A.Dosnazarov k. 62
Tel: (0-361) 2222437, 2229520: www.kkedu.uz, e-mail: qoraqalpogiston_xtv@xtv.uz

27-апрель 2021- yil/jıl. № 02-04/01-2194

**Барлық район (қала)лық
халық билимлендириў бөлими
баслықларына ҳәмде
республикалық бойсыныўдағы
билимлендириў мәкемелери
директорларына**

Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министрлиги Сизге, Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң 2021-жыл 24-апрельдеги 6/914-санлы хаты менен Қарақалпақстан Республикасы Мәдeният министрлигиниң усы жыл 22-апрельдеги 4-02/820/1-санлы хатын қосымшаға муўапық ис жүзинде пайдаланыў ушын жибермекте.

*Хат қоса тигиледи.*

**Министрдиң биринши орынбасары ў.ў.а** **Қ.Бекбаулиев**

Таярлаған: Т. Утепов
Тел: (8 361) 222-92-63

QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASI MA'DENIYAT MINISTRLIGI

QORAQALPOGISTON RESPUBLIKASI MADANIYAT VAZIRLIGI

*230100 Qaraqalpaqstan Respublikası, No'kis qalası, A. Dosnazarov ko'shesi 62*
*Tel (8 361) 222-93-21; Faks 222-39-50 E-mail min.kk3950@umail.uz.* vebsayt *qoraqalpog.madaniyat.uz*

№ 4-02/ 880 /1

«22 » апрель 2021-жыл

Қарақалпақстан Республикасы
Министрлер Кеңесине

Өзбекстан Республикасы Президентиниң 2020-жыл 26-майдағы «Мәденият ҳәм көркем өнер тарауының жәмийетлик турмыстағы орны ҳәм тәсирин буннан былай да арттырыў илажлары ҳаққында»ғы ПП-6000-санлы Пәрманына муўапық 2021-жылдың 1-январь сәнесинен баслап концерт-тамаша жумысын әмелге асыратуғын шахслар тәрепинен мәмлекетлик уйымлар ҳәм басқа да шөлкемлердиң буйыртпаларына тийкарланып көрсетилетуғын барлық хызметлер жазба ҳәм ҳақы төлеў есабынан дүзилетуғын шәртнама тийкарында усыныс етилетуғыны белгиленген.

Сондай-ақ, Өзбекстан Республикасы Мәденият министри О.Назарбеков басшылығында усы жылдың 3-апрель күни өткерилген видеоселектор мәжилис баянламасында пуллы хызмет көрсетиўди раўажландырыў, II шерек даўамында өткерилиўи белгиленген илажлардың 30 пайызын шәртнама тийкарында пулы ҳәм де 2021-жыл ақырына шекем бул көрсеткишти 100 пайызға жеткерген ҳалда барлық мәдений илажларды пуллы шөлкемлестириўди тәмийинлеў ўазыйпасы берилген.

Сизден, пуллы хызмет көрсетиўди еле де раўажландырыў, түскен қаржылар есабынан материаллық-техникалық базаны беккемлеў мақсетинде өткерилетуғын барлық мәдений илажлардың шәртнама тийкарында әмелге асырылыўы бойынша барлық мәкеме, кәрхана ҳәм шөлкемлерге тийисли көрсетпелер бериўде әмелий жәрдем көрсетиўиңизди соранамыз.

**Министр** **Қ.Турдиев**

*Орынлаўшы: Н.Джиенбаев*
*Телефон: 222-94-21*

QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASI
MINISTRLER KENESI
KIRIS 6/914 sanli 1 bet
"26" апрель 20 21 jil